# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु भइल प्रदेस सरकार क कैबिनेट बइठकी में बाइस प्रस्तावन के मंजूरी दीहल गइल। एगो रिपोर्ट–

***बैठक के बाद बेसिक शिक्षा राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार संदीप सिंह ने बताया कि शिक्षामित्रों और अंशकालिक अनुदेशकों का मानदेय आठ–आठ हजार रूपये प्रतिमाह बढ़ाया गया है। अब शिक्षामित्रों का अट्ठारह हजार और अनुदेशकों को सत्रह हजार रूपये मिलेंगे। यह बढ़ोत्तरी एक अप्रैल से ही लागू हो गयी। कैबिनेट ने गोरखपुर में उत्तर प्रदेश वानिकी एवं औद्यानिकी विश्वविद्यालय की स्थापना को भी मंजूरी दे दी। चार सौ इक्यानबे करोड़ रूपये से अधिक की लागत से यह विश्वविद्यालय कैम्पियरगंज क्षेत्र में लगभग पचास हेक्टेयर भूमि पर स्थापित किया जायेगा। कैबिनेट ने पीपीपी मोड पर प्रदेश में उन्चास बस स्टेशनों के डीबीएफओटी मॉडल के तहत विकास को स्वीकृति दे दी है। इससे लोगों को अत्याधुनिक सुविधाओं के साथ सुरक्षित, स्मार्ट और सुगम यात्रा की सुविधा मिलेगी। कैबिनेट ने पच्चीस लाख स्मार्ट टैबलेट खरीदने को भी मंजूरी दे दी है। समाज कल्याण राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार असीम अरूण ने बताया कि डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर मूर्ति विकास योजना के तहत राज्य के सभी चार सौ तीन विधानसभा क्षेत्रों में दस–दस आम्बेडकर स्थलों का विकास और सौन्दर्यीकरण कराया जायेगा। कैबिनेट ने इस प्रस्ताव को आज मंजूरी दे दी है। इसके तहत चार सौ तीन करोड़ रूपये का प्रावधान किया गया है। कैबिनेट बैठक में बलिया जिले में बहुप्रतिक्षित स्वशासी राज्य चिकित्सा महाविद्यालय की स्थापना को भी मंजूरी मिली है। यह मेडिकल कॉलेज महर्षि भृगु के नाम पर स्थापित होगा। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

केन्द्र सरकार राज्यन में प्रवासी मजुरहन के बांटल जाये वाले पांच किलो क मुक्त ब्यौपार एलपीजी सिलेंडर क दैनिक आवंटन के दुगुन्ना कइले क निर्णय लिहले हौ। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय क सचिव डॉक्टर नीरज मित्तल येह बारे में सज्जो राज्यन आ केन्द्रसासित प्रदेसन क मुख्य सचिवन के चिट्ठी लिखले हवें। उहां के कहलीं कि ई पांच किलो क एलपीजी सिलेंडर राज्य सरकारन आ उनके खाद्य आ नागरिक आपूर्ति विभागन के खाली अपने राज्य में प्रवासी मजुरहन के तेल विपणन कम्पनियन के सहजोग से आपूर्ति करे बदे उपलब्ध करावल जाई।

**********

आजु विश्व स्वास्थ्य दिवस मनावल जा रहल हौ। पूरा दुनिया में स्वास्थ्य से जुड़ल बढ़ियां आदति के प्रति जागरूकता बढ़ावे बदे ई दिवस मनावल जाला। येह मौका पर आजु गोरखपुर के ब्रह्मपुर बलाक के बरही गांव से केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री कमलेश पासवान आयुष्मान आरोग्य सिविर क सुभारम्भ कइलें। उहां के बरही सीएचसी क पचास बेड अस्पताल में नया स्वास्थ्य सेवो क सुरूआति कइलीं। केन्द्रीय राज्य मंत्री श्री पासवान येह मौका पर अपने सम्बोधन में लइकनिन में बढ़त एनीमिया के समेस्या पर चिंता जतवलीं। उहां के बालिका लोगिन के स्वास्थ्य पर खास जोर दिहले क अपीलि कइलीं।

***हम लोगों का एक सर्वे हो रहा है हम लोगों के मंत्रालय में पूरी बात हो रही थी सबसे ज्यादा हमे जो दिक्कत आ रही है जो हमारी बच्चियों मे खून की कमी हो रही है एनीमिक हो रही है। पूरा देश इसपे परेशान हो रहा है पूरे विश्व के लोग इसपे सेमिनार कर रहे है। हमे उनको बताना होगा कि उन्हें क्या खाना है।***

केन्द्रीय राज्य मंत्री टीबी उपचाराधीन मरीजन के पोसण पोटली दिहलें आ कई गो सरकारी योजना के लाभार्थियन के कीटो दिहलें।

**********

आजु सिख पंथ क नउवां गुरु, हिन्द दी चादर गुरु श्री तेग बहादुर जी महाराज क प्रकाश पर्व मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के हार्दिक बधाई आ सुभकामना दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि गुरु श्री तेग बहादुर जी महाराज क जिनगी हम्मनी के सिखावे ला कि सत्य, धरम आ मानवता क रक्षा बदे हर परिस्थिति में अड़िग रहले सच्चा साधना हौ।

**********

वाराणसी के संकट मोचन मंदिर परिसर में आयोजित एक सौ तीनवां संकट मोचन संगीत समारोह के पहिला दिन्ने काल्हि राति कलाकार लोगि अपने कला के जरिया से हनुमत महाप्रभु क आराधना कइलें। कार्यक्रम में संतूर पर पंडित राहुल शर्मा, तबला पर पंडित राम कुमार मिश्रा, कथक में विद्या लाल, बांसुरी पर एस. आकाशा आ गायन में पद्मश्री मालिनी अवस्थी आपन प्रस्तुति दिहलिनि। ई संगीत समारोह इग्यारह अपरैल ले रोजाना संझा साढ़े सात बजे से आयोजित कइल जाई, जेहमें देस–बिदेस क ख्यातिप्राप्त कलाकार आपन प्रस्तुति दीहें।

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु कुछु जगहिनि पर, ओहीं बिहने कई जगहिनि पर बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह इलाकन में आजु कहीं–कहीं बिजुली गिरले आ तेज झोंकेदार बेयरियो चलले क अनेसा बा।

**********